

**Apati 1ye janvye 2010,
Se pa Menm Papye yo Mande.**

Pou w renouvle oswa pou w jwenn yon nouvo lisans oubyen kadidantite eta Florid, ou dwe pote yon seri dokiman patikilye nan biwo sikilasyon. Règleman sou nouvo dokiman yo valab tou si ou te chanje non w legalman.

Ou kapab ale pi vit nan pwosesis la-nou la pou ede w- epi w ap swiv etap sa yo :

Rasanble dokiman w.
Ale nan yon biwo sikilasyon.
Pran nouvo kat ou an.

Si w prepare w, w ap fè yon sèl vwayaj byen rapid !



**W ap renouvle lisans ou ?
Ou kapab fè ekonomi depasman an.**

Sa a se yon chans w ap jwenn yon sèl fwa. Ou kapab renouvle yon lisans **yon fwa** nan entènèt oswa pa lapòs yon fwa sou de. Ou pa bezwen prezante nan biwo a si w ap renouvle oubyen w ap ranplase lisans ou. Sonje : Ekonomi depasman an se pou lisans kote non w pa chanje. Pou w renouvle sou entènèt, ale nan www.GoRenew.com, epi pwochen fwa w ap renouvle, w ap fè l nan yon biwo, avèk nouvo egzijans pou dokiman yo.



Ou toujou gen kesyon tankou sa yo ?

“Ki kote mwen kapab jwenn yon dokiman idantite valid ?”

“Ki kote biwo sikilasyon pa m lan oswa biwo koleksyon taks mwen ye ?”

“Ka pa m pa la a. Ki lòt opsyon ki genyen?”

“Èske mwen kapab enprime yon lis verifikasyon dokiman pèsònèl?”

W ap jwenn repons yo ak lòt bagay pou ede w nan
www.RasanbleAlePran.com
(850) 617-3995

Rasanble Ale Pran

Apati 1ye janvye 2010, gen nouvo egzijans pou lisans ak katdidantite

Vini ak bon dokiman yo epi w ap fè ekonomi yon dezyèm vwayaj !
Pou plis detay epi pou enprime yon lis verifikasyon dokiman pèsònèl, ale nan

www.RasanbleAlePran.com
(850) 617-3995

Apati 1ye janvye 2010, lè w ale nan yon biwo sikilasyon, ou dwe vini ak dokiman orijinal ki se prè **1** idantite w **2** nimewo sekirite sosyal ou **3** adrès kote w rete a. Lis verifikasyon ki la yo se lis kèk dokiman ki valid. Pou w kapab jwenn plis opsyon pou dokiman yo ak enfòmasyon, ale nan **www.RasanbleAlePran.com**. Si w pa kapab ale sou entènèt, rele (850) 617-3995.

1 Idantifikasyon : Sitwayen Etazini (POTE YOUN NAN SA YO)

Pote youn nan dokiman orijinal sa yo kòm prè idantite w :

- Akdenesans sètifye peyi Etazini, pou teritwa yo ak Distrik Columbia tou (**Yo pa asepte akdenesans lopital**)
- Paspò Etazini valid
- Sètifika natiralizasyon
- Papye konsila ki di w fèt aletranje

2 Nimewo Sekirite Sosyal (POTE YOUN NAN SA YO)

Pote youn nan dokiman orijinal sa yo kòm prè nimewo Sekirite Sosyal ou, si yo te ba w youn :

- Kat Sekirite Sosyal
- Fòm W-2
- Chèk lajan travay ou ki montre nimewo a
- DD-214
- Dosye lekòl ki montre nimewo a
- Dokiman IRS ki montre nimewo a

3 Adrès Kote w Rete (POTE DE)

Adrès ki sou lisans yo oswa sou katdidantite pa kapab yon bwat postal ankò. **Pote de prè** ki bay kote w rete.

- Tit pwopriyete, papye mògèdj, livrè peman oswa kontra lokasyon
- Kat elektè eta Florid
- Papye anrejistremachin lan nan Florid oubyen tit
- Fòm W-2 oswa fòm 1099
- Bòdwo kouran, dlo oswa demann pou yo konekte w ki pa gen plis pase de mwa
- Kontra aktyèl asirans machin oswa kay oubyen bòdwo
- Lèt ki soti nan enstitisyon finansye, ki pa gen plis pase de mwa
- Kat medikal oswa kat sante ki gen adrès ou sou li
- Yon lèt ki soti nan yon kote w fè ladesant ki montre moun ki aplike a abite nan adrès sa a.
- Kanè nòt lekòl pou ane akademik sa a
- Yon deklarasyon yon paran, boparan oswa gadyen legal ki akonpaye w epi ki rete nan menm adrès ak moun ki aplike a. Paran an oswa gadyen an dwe prezante prè adrès kote li rete a.

Pou w kapab wè lòt dokiman, ale nan **www.RasanbleAlePran.com**.

Chanjman Non Legal (si li aplikab)

- Orijinal oswa kopi sètifye tout sètifika maryaj oubyen jijman lajistis ki montre non w chanje. (Fotokopi ki pa sètifye pa valid)

Moun ki pa Sitwayen Etazini

Imigran ak moun ki pa imigran pote menm prè ak sitwayen Etazini pou nimewo Sekirite Sosyal (si yo te ba w youn) ak adrès kote yo rete. Se dokiman idantifikasyon yo ki diferan.

Imigran : Idantifikasyon

Pote youn nan sa yo :

- Sa yo rele Alien registration receipt card (grinkat, Fòm I-551)
- So I-551 sou paspò oswa I-94
- Òdonans jij imigrasyon ki gen A-number moun k ap aplike a (pou sa ki jwenn Azil)
- I-797, avèk A-number ki montre ou jwenn azil
- I-797 oswa yon lòt fòm Biwo Sitwayèntè ak Imigrasyon ki gen A-number moun k ap aplike a, ki gen deklarasyon yo apwouve estati refijye moun lan

Moun ki pa imigran : Idantifikasyon

Men yon egzanp. Gen kèk nan dokiman sa yo ki mande lòt dokiman pou kore yo. Anvan w ale nan yon biwo, li tout egzijans yo nan **www.RasanbleAlePran.com** oubyen rele (850) 617-3995

1 Pote dokiman sa a sèlman :

- Kat otorizasyon travay ki soti nan Depatman Lajistis Etazini (fòm 1688B oswa I-766)

2 Oubyen pote youn nan sa yo

- Prè Depatman Lajistis Etazini ki montre ou klase kòm moun ki pa imigran (fòm I-94 ki pa espire, ak pyès atache pou kore li)
- Dokiman vwayaj I-571/ Pèmi vwayaj refijye
- Lèt liberasyon kondisyonèl I-512
- Òdonans jij imigrasyon ki anile depòtasyon

Ou bezwen èd pou jwenn dokiman?

W ap jwenn yon lis konplè si w vizite

www.RasanbleAlePran.com